



Pou Piblikasyon Imedya: 27/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PRÈSKE 5 MILYON DOLA POU REFIJ POU BÈT TOUPATOU ATRAVÈ NEW YORK

*Premye Fon Kapital Konsa nan Nasyon an ap Sipòte 14 Pwojè Konstriksyon, Renovasyon ak Agrandisman k ap fèt nan Refij New York yo*

*Pwojè yo pral Amelyore Swen ak Sante Bèt yo epi Ede Asire Moun Adopte Chen ak Chat New York yo*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo atribiye finansman bay 14 refij pou bèt ak sosyete imèn toupatou atravè eta a nan kad Fon Kapital pou Bèt Konpayi Eta New York la (New York State Companion Animal Capital Fund) k ap rive 5 milyon dola ototal. Fon Kapital pou Bèt Konpayi an se premye pwogram eta finanse nan nasyon an pou sipòte pwojè amelyorasyon enpòtan k ap fèt nan refij New York yo. L ap pèmèt òganizasyon sa yo fè modènizasyon konsiderab nan etablisman yo pou amelyore sante ak swen bèt yo, epi ede asire moun adopte chen ak chat yo.

“Refij pou bèt New York yo ofri sèvis ki enpòtan anpil nan kominote atravè gran eta sa a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman sa a pral pi byen ekipe etablisman sa yo epi ede yo amelyore kalite swen, pandan refij sa yo ap kontinye fè tout posib yo pou chen ak chat y ap pran swen yo jwenn fwaye akeyan, pèmanan.”

“Tès pou montre si yon sosyete vrèman sivilize ak jis chita nan fason li pran swen sila ki pi vilnerab pami yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Finansman sa pral ede refij pou bèt atravè eta a yo k ap pran swen chen ak chat yo pandan y ap anbake nan yon nouvo kòmansman.”

Bidjè Eta New York pou ane 2017-18 la finanse Fon Kapital pou Bèt Konpayi an ki pral bay sibvansyon korespondan pou redwi depans ki asosye ak pwojè kapital yo, tankou renove pansyon pou chen yo, amelyore etablisman medikal yo, oswa konstwi plis refij ki efikas pou redwi depans operasyon yo. Yo kapab itilize fon yo tou pou konstwi, renove, reyabilite, oswa achte bilding oswa ekipman ki nesèsè yo pou loje, trete, epi pran swen chen ak chat ki nan refij yo.

Sibvansyon konpetitif yo te akòde bay refij yo te baze sou bezwen ak disponibilite operasyonèl yo. Refij sa yo ap resevwa yon prim sibvansyon:

## Reiyon Kapital

- **Animal Protective Foundation (Scotia, Konte Schenectady):** 220,867 dola pou sipòte konstriksyon yon nouvo sant swen pou chat yo pou kreye anviwonman lojman an gwoup, pou amelyore etablisman medikal yo, epi pou sipòte renovasyon refij aktyèl la, ki gen ladan yon nouvo sistèm chofaj/klimatizè pou amelyore vantilasyon.

## Reiyon Lwès New York

- **SPCA in Cattaraugus County (Olean, Konte Cattaraugus):** 164,436 dola pou fè renovasyon nan refij aktyèl la. Pwojè a gen ladan enstalasyon yon nouvo sistèm chofaj/klimatizè pou amelyore vantilasyon ak pwoteksyon kont entanperi yo. Refij la prak kreye tou yon anviwonman adopsyon ki pi akeyan.
- **Town of West Seneca Municipal Shelter (West Seneca, Konte Erie):** 119,775 dola pou fè renovasyon nan refij aktyèl la. Pwojè a gen ladan kouvèti pou pansyon pou chen yo ak ranplasman ak agrandisman yon twati.

## Mohawk Valley

- **Herkimer County Humane Society (Mohawk, Konte Herkimer):** 500,000 dola pou fè renovasyon nan refij aktyèl la. Pwojè a gen ladan enstalasyon yon nouvo sistèm chofaj/klimatizè pou amelyore vantilasyon, renovasyon yon chanm pou bèt yo, ak ranplasman kaj ak pansyon pou chen ak chat yo pou amelyore sekirite ak kalite lavi yo.
- **Humane Society of Rome (Rome, Konte Oneida):** 500,000 dola pou konstriksyon yon nouvo refij pou bèt yo pou ranplase estrikti aktyèl la. Pwojè a gen ladan ranplasman yon etablisman ki gen 50 an pou amelyore kondisyon lavi yo ak ogmante kapasite. Li pral pèmèt tou pou gen yon nouvo sistèm vantilasyon ak espas izòlman y ap ajoute pou amelyore kontwòl maladi.
- **Susquehanna SPCA (Cooperstown, Konte Otsego):** 500,000 dola pou konstriksyon yon nouvo refij pou bèt yo pou ranplase estrikti aktyèl la. Pwojè a gen ladan konstriksyon yon nouvo etablisman sou yon tèren ki adjasan pou redwi risk pou inondasyon epi pou pèmèt yon espas pou bay konsèy sou adopsyon.

## Long Island

- **Town of Islip Municipal Shelter (Islip, Konte Suffolk):** 498,200 dola pou konstriksyon yon nouvo refij pou bèt yo pou ranplase estrikti aktyèl la. Nouvo refij la pral ranplase bilding aktyèl la ki gen 54 an pou ogmante kapasite ak amelyore sekirite. L ap gen ladan tou yon nouvo blòk operatwa y ap ajoute.
- **Town of Smithtown Municipal Shelter (Hicksville, Konte Nassau):** 168,750 dola pou konstriksyon yon espas y ap ajoute sou refij aktyèl la. Pwojè a gen ladan konstriksyon yon nouvo bilding pou mete bèt ki nan pwosesis admisyon yo, ki nan izòlman yo, ak sa ki soti nan espas kapte-chatre-retounen an yo.

## Mid-Hudson Valley

- **Humane Society of Middletown (Middletown, Konte Orange):** 439,000 dola pou konstriksyon yon espas y ap ajoute ak renovasyon y ap fè nan refij aktyèl la. Pwojè a gen ladan konstriksyon yon nouvo paviyon ki gen espas pou plase bèt an karantèn yo ak espas tretman epi agrandi espas lojman bèt yo pou ogmante kapasite.
- **SPCA of Westchester (Briarcliff Manor, Konte Westchester):** 500,000 dola pou konstriksyon yon nouvo refij pou bèt yo pou ranplase estrikti aktyèl la. Pwojè a pral konsolide plizyè bilding pou vin fè yon sèl etablisman modèn pou modènize swen yo.

### New York Santral

- **City of Oswego Municipal Shelter (Oswego, Konte Oswego):** 489,375 dola pou konstriksyon yon espas y ap ajoute ak renovasyon y ap fè nan refij aktyèl la. Pwojè a pral ajoute pwoteksyon kont entanperi ki egziste deja nan etablisman an yo epi agrandi espas pou mete bèt yo an karantèn lan pou amelyore kontwòl maladi.

### North Country

- **Potsdam Humane Society (Potsdam, Konte St. Lawrence):** 178,895 dola pou konstriksyon yon espas y ap ajoute ak renovasyon y ap fè nan refij aktyèl la. Pwojè a pral ranplase inite chofaj/klimatizè yo pou amelyore vantilasyon, fè reparasyon ak chanjman nan pansyon pou chen yo, epi enstale materyèl ki pou redwi bwi yo. Li pral gen ladan tou konstriksyon yon bilding detache pou refij pou bèt ki la alontèm yo pou amelyore kalite lavi kotidyen yo.

### Finger Lakes

- **Humane Society of Rochester and Monroe County DBA Lollypop Farm (Fairport, Konte Monroe):** 500,000 dola pou fè renovasyon nan refij aktyèl la. Pwojè a pral ajoute yon pano ki ka abzòbe bwi nan espas kote yo kenbe chen yo ak yon nouvo sistèm chofaj/klimatizè pou ka gen vantilasyon apwopriye.
- **Wyoming County Animal Control (Warsaw, Konte Wyoming):** 100,000 dola pou fè renovasyon nan refij aktyèl la. Pwojè a gen ladan nouvo pansyon pou chen ak chat y ap ajoute pou ogmante sekirite, konfò, ak kapasite; yon nouvo sistèm chofaj/klimatizè pou amelyore chofaj, vantilasyon, ak kalite lè a; ak renovasyon pou amelyore kontwòl enfeksyon ak lavi kotidyen bèt yo.

Daprè Federasyon Pwoteksyon Bèt Eta New York la (New York State Animal Protection Federation), yo pote plis pase 150,000 bèt bay refij san bi likratif yo ak sila minisipalite yo ak sosyete imèn yo jere yo chak ane. Fon Kapital pou Bèt Konpayi Eta New York la pral ede òganizasyon sa yo kontinye bay sèvis refij yo nan kominote lokal yo, pwomouvwa pi bon swen pou bèt yo epi fasilite plis adopsyon.

**Komisyone Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare,** “Finansman sa pral pèmèt refij New York yo, sosyete imèn yo ak Sosyete pou Prevansyon Kriyote Anvè Bèt yo (Society for the Prevention of Cruelty to Animals, SPCA) yo fè amelyorasyon yo byen bezwen pou yo ka ofri pi bon swen pou bèt New

York yo, kèlkeswa si se konstriksyon, renovasyon, oswa agrandisman. Pandan pwojè sa yo ap fin fèt, yo pral sipòte objektif kolektif nou genyen pou nou konekte plis chen ak chat ak fanmi New York yo”.

**Senatè Phil Boyle te di,** “Mwen kontan anpil paske finansman sa pral ede bèt abandone ak refij nou yo modènize etablisman yo pou ofri lojman sekirize, tanporè pou anpil chen ak chat abandone k ap tann yon fwaye yo ka al rete pou toutan. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l te mete finansman pou Fon Kapital pou Bèt Konpayi an nan Bidjè pou ane 2017-18 epi mwen pral kontinye efò m ap fè yo pou m wè yo mete finansman sa disponib pou refij pou bèt san bi likratif ak refij minisipalite yo alavni”.

**Manm Asanble Deborah Glick te deklare,** “Refij pou bèt toupatou atravè New York yo ap fè travay enkwayab pou bèt yo ak pou yo jwenn fwaye akeyan. Pandan plis refij ap adopte politik kont touye bèt yo, bezwen pou plis espas pansyon pou chen ak chat yo ak bezwen pou amelyorasyon etablisman medikal yo vin ogmante tou. Finansman sa se kle pou asire yo bay bèt konpayi New York yo swen avèk konpasyon”.

**Libby Post, ki se Direktris Egzekitif Federasyon Pwoteksyon Bèt Eta New York lan, te deklare,** “Nou absoliman ravi pou kantite aplikasyon pou sibvansyon yo te akòde prim sibvansyon yo. Anpil refij ak sosyete imèn New York te reponn fòtman a pwogram sa a, epi kantite aplikasyon nou resevwa te plis pase kantite finansman nou genyen disponib. Sa souliye bezwen enpòtan ki genyen pou Fon Kapital pou Bèt Konpayi Eta New York la pou yo mete l yon lòt fwa ankò nan Bidjè Eta New York la”.

Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) Eta New York la ap jere Fon Kapital pou Bèt Konpayi Eta New York la. Depatman an, atravè plizyè divizyon ak pwogram li yo, ap pwomouvwa agrikilti New York ak bon jan kalite pwodwi divès li yo, l ap ankouraje pwoteksyon anviwonmantal agrikòl, epi pwoteje apwovizyonman pwodwi alimantè, tèren, plant, betay ak bèt konpayi Eta yo, epi asire pwoteksyon konsomatè yo atravè divizyon pwa ak mezi ak sekirite alimantè li yo.

Depatman jere [Great New York State Fair](#) (Gran Fwar Eta New York la), epi l administre inisyativ [Taste NY la](#), [FreshConnect](#) ak nouvo [New York State Grown and Certified](#) (Pwogram Pwodwi Sètifye ki Kiltive nan New York yo). Swiv Depatman sou [Facebook](#), [Twitter](#) ak [Instagram](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)